

Tànk-ndànk

CP


Jéego

5

Téere

3

WOLOF



République du Sénégal



Ministère de l'Education nationale

Vente interdite

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation nationale

Wolof

Tànk-ndànk

Jéego 5

Téere 3

Édition 2018
Réimpression 2020




Avis de droit d’auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l’Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d’adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

Li téere bi ëmb

Sunu gornamanju ekool	4
Maalaw gisul raay bi	24
Waxtaan ci Mbegaan Nduur.	44
Njëmbët Mbóoj	64
Karolin Fay	84

Sunu Gornomaŋu ekool



Sunu ekool dafa am gornomaŋ bu elewi
kalaas yépp fal, muy lijjanti sunu lépp.
Man Mbeen lañu tànn persidaŋ, ma jiite
mbooloom ministari gornomaŋ bi.
Talaata ju ne, ca ngoon, la sunu gornomaŋ
bi di daje ci ab kalaas, su nu wàccee.
Ci ndaje moomu, danu fay waxtaane yu
soxal sunu ekool.
Ministar bu ne dina wax fi mu tollu ci
liggeey bi ñu ko dénk.
Ministeer yi ñooy : Njàng, Koppar, Caada,

Jokkoo, Tàggat-yaram, Kéew,
Njënd ak Njaay.
Ministeer bu ne am na lu muy toppatoo ci
biir gornoman bi.
Su amee lu deme ni xuloo walla tiis,
gornoman bi dina ci dugal loxoom.
Ci xumbalu ekool bi mujj, Ministeeru
Xibaar moo yëgle xew-xew bi ak natt yi.
Ministeeru Koppar bi moo dajale natt yi.
Bi mu dajalee xalis bi ba noppi,
mu yëgal ko Mbeen, mu woote ndaje.



Ba nu dajee, Ministeeru Koppar yi wax
tolluwaayu elew yi natt ak xalis bi.
Ci waxtaan woowu lañu dogale li ñuy def
lépp ci xalis bi.
Bi nu noppee, Mbeen jébbal xalis ba njiitu
kureel gi yore lépp luy xew-xew.
Kureel gi, am na persidan ak fanweeri elew
yu ca bokk di ko jàppale.
Su xew-xew amee, ci fanweeri elew yooyu
lañuy tànn ñi koy doxal.
Ñooy ànd doxal xew-xew ba, ca ba muy

door, ba keroog ba muy jeex.
Persidaŋu kureel gi mooy saytu ñi nu tànn
ngir xew-xew bi jaar yoon.
Su xew-xew naree am, ñooñu nu tànn ñoo
koy gën a tasaare ci ekool bi.
Ñooy wër itam ci kalaas yi, dajale natt yi
ba lépp mat, ñu jébbal persidaŋ bi.
Su xaaŋis bi dooyul ci xew wi, nu gëstu pexe
yu ñu ko mottalee.
Leeg-leeg, nu yokk natt yi mbaa nu wut
ndimbal ci mbootaayu waajuri elew yi.



Ministar bi fëetewoo wàllu jukkoo dinanu
xelal, jàppale nu.

Nu am xalaatu sàkku ndimbal ci kilifay koñ
bi sunu ekool nekk.

Dinanu wut itam ndimbal ci jàngalekat yi
nekk ci ekool bi.

Bi nuy def masoret, danuy dem ci
jàngalekatu tàggat-yaram mu jàppale nu.

Moom, moo nu boole ak ki nu jàngal doxu
masoret ba nu mokkal ko.

Li gën a jafe ci doxu masoret, mooy fexe ba
bant bi ki jiitu yor bañ a wadd.

Ki jiitu moo yor lépp, ñi ko topp, ci moom
lañuy xool.

Tàggatu doxu masoret, def nañu ci lu
tolloo ak weer.

Ci jamono jooju, Ministeeru Caada bi
jàppale nanu, nu bind benn tiyaatar ci
wàllu njàng.

Elew yi bëgg tiyaatar ñëw bokksi, nu ànd
jàng li nu bindoon, di ko nafar.

Bés bu ne, su nu wàccee, danuy daje, di
jéemantu tiyaatar bi, di ko jubbanti.

Noonu lanu ko jàppoo ba ku ne mokkal wàll
wa nga ca am.



Terewul nuy wéy di daje, di gën a rafetal
liggeey bi, di dajale ndimbal yi.

Ci nit ñi nu dig, am na ci ñu am kàddu ak
ñu nuy nëbbatu.

Amu ci kenn kuy gaaw a dellu gannaaw ci li
mu tàmbali.

Leegi, nu ngi ci luye ay baas ay siis ak a
defar bànderol yi nuy lonk.

Dinanu defar itam paas yi nuy jaay ñiy
seetaansi masoret yi ak tiyaatar bi.

Njëgu paas bi barewul ndax danoo bëgg
elewi ekool bi yépp ñëw seetaansi.

Sunu gornomaŋ bi, ñi ci bokk dañoo dëgër,
dinañu topp mbir ba mu sës.

Dinanu luye ay sareet yu jëli baas yi ak siis
yi, indil nu leen.

Su ko defee, nu lal yenn baas yi ci suuf, yi
ci des ñu defar ci tànt bi.

Am na elew yuy teg siis yi, raŋale leen ba
mu baax.

Su biye yi noppee, ñu tànn elew yi koy jaay,
ci biir ekool bi ak ca biti.



Ñépp la nuy jaay biye, tàmbalee ko ca direktëer, jàngalekat, sekerteer, dunu bàyyi kenn !

Gone yi nu bokkal kër ak yi dëkk ci koñ yi dinanu leen jaay biye.

Dem nanu toppatooji permi ca njiitu kàrce ba. Elewi kalaas yu kawé yi ñoo yore woon wàllu kaarànge gi.

Nu luye ñu yore wàllu misig ak mikoro ak i téggkat.

Dem nanu ca Meer ba, diis ko sunu soxla
wànte dimbal lu tuuti lanu fa jële.
Lu ci dëng, nu jubbanti ko ba mu tegu ci yoon.
Amal xew wu deme nii, yombul te laaj na
nit ñu bare ñu booloo ci liggeey bi.
War nañoo déggoo, ku ne def li ñu ko sas
ndax lépp jaar yoon.
Xew wi ñuy amal, su baaxee, ñi bokkoon di
ko def ñoo moom ndam li !
Ñu jàpp ne alalu mbooloo, ñépp a ko bakk,
ñépp a ko war a sàmm.



Su nuy doxal liggeey bi, war nañu cee boole
ñépp, góor, jigeen, xale ak mag.
Xel dafa bare te bokkul, moo waral,
bu nu xeeb xalaatu kenn.
Su bés bi jotee, war nañoo sàmm waxtu wi
xew wi war a tàmbali.
Ci kureel gi yor mbiri xew-xew, dina am ku
féetewoo wàll woowu.
Kaarànge xew wi, lu am solo la,
rawatina ci jamono ji ñuy jaay paas yi.
Moo waral ñu war a fàggu ba sàmm xew wi,
suy am ak su noppee.

Su xew wi jeexee, dina am liggeey yu des,
ci ñi ko amaloon.

Ci yooyu, man nañu cee lim :

- xam xaaalis bi xew wi indi
- fey bor yi xew wi indi ak xaaalis bi mu jur.
- baas yi ak siis yi, su ñu mënul a dellu ci guddi gi, na nekk fu wóor.
- su loolu amul, manees na leen a jël, fay bor bu rëy fekk leen ca.



Su xew wi jeexee, gornomanj bi dafay daje
xoolaat ni ñu ko doxale.

Waruñoo bàyyi dara : lan a dox ak lan a
doxul lañuy seet ak li waral loolu.

Moo waral loolu lépp la elew yi war a xam,
ci xamin wu leer nàññ.

Ci noonu, la mbooloom elew yiy dugal seen
loxo ci liggeey bi di yokkoo.

Su ñu fayee bor yépp, li des ci xalis bi dañu
koy denc ci kees gi.

Xew-xew bi yemul rekk ci doxu masoret yi
ndax tiyaatar bi neexoon na lool.

Dina laaj ñu seet lu tax tiyaatar bi neex
mbaa mu ñàkk a neex.

Gëstu biy indi tontu ci laaj yooyu, lu baax la
ci liggeey bi beneen yoon.

Ñépp a war a yëg li jóge ci gëstu bi,
te yokk walla mu wàññi.

Li ñu jàng ci doxalinu liggeey bi, dina am
njariñ su nuy amalaat xew.



Sunu gornomaɗu ekool dinay jóg, dem ci
kër elew yi am tiis walla ñu feebar.
Su amee ñàkk a jubboo gu ñu seetlu ci
ekool bi, gornomaɗu ekool bi dina ci jëf.
Ñaxtu yu jóge ci elew yi jëm ci njiiti ekool,
gornomaɗ bi dina ko jottali.
Elew bu ñu seetlu mu am jafe-jafe, dinañu
ko seet ba xam ndimbal li war.
Li gornomaɗu ekool bi bëgg a def lépp,
alalam àggu fa.

Li tàmbali, wone na ne, ànd jàppoo di
liggeey, yombul wànte bare na njariñ.
Ay gone ñoo dajaloo bëgg seen ekool
soppeeku béreb bu neex a neex.
Ba tey, turu gornomaŋ misaal la ci doxal
réew mi ëllëg.
Ci biir gornomaŋu ekool, Ministar yu góor
yi ak yu jigeen yi ñooy tolloo.
Elew yépp war nañoo gis seen bopp ci biir
gornomaŋ bi ñu fal.



Ca weer yale, benn jafe-jafe dafa
ñagasaloon sunu diggante ak waa ekool bi.
Dafa amoon benn jàngalekat bu doon
dóore, ñépp ragal ko.

Su joxee ab jéemantu, ku am lim bu yées
fukk, dina la dóor te yat lay dóoree.

Benn bés, mu am xale bu jigeen bu xam ne
dina ko dóor.

Jàngalekat bi jël yat wa jëm ci xale bi, mu
daw tēb, daanu, tànkam damm.

Mbir moomu indi na coow lu rëy ci sunu ekool, gornomanj bi moo ko saafara.

Tey jii, amul benn jàngalekat bu ñemee dóor benn elew ci sunu ekool.

Jàngalekat bi daan dóore, yoon daan na ko te jóge na sunu ekool.

Leeg-leeg, nu woo boroom xam-xam, jigeen mbaa góor, mu ñëw defal nu waxtaan.

Ci weer wii weesu, am na depite bu jigeen bu nu waxtaanalsi woon ci liggeeyam.



Def nanu ay tukki ci fu deme ni Gore,
Pàrk Aan ak ayeropooru Jas.
Loolu yokk na sunu xam-xam,
yaatal sunu gis-gis.
Sunu ekool am na elew yu bëgg a doon
dawalkatu roppalaan, bu ñu màggee !
Am na ñu bëgg a liggeey ci wàllu rabu àll yi.
Ñeneen, dañoo bëgg a nekk ay jàngalekatu
démb !
Bi nu demee Pàrk Aan, Gore ak ayeropoor
la bëgg-bëgg yooyu feeñ.

Man Mbeen, Peresidaŋu sunu gornomaŋu ekool damaa bëgg a jiite réew mi, su ma màggee !

Fu ma tollu, maa ngi jàng bu baax ekool, ngir mën a jiite Senegaal ëllëg.

Nun ay ndaw lanu yu jigeen ak yu góor, yuy jàng, bëgg a tekki su nu màggee.

Dinaa jiite samay Ministar nu ànd doxal sunu liggeey ci sunu biir gornomaŋu ekool. Gornomaŋu ekool daara la juy jàngal elew yi ni ñuy doxale liggeeyu mbooloo.

Laaj yi :

1. Ñaata ministeer ñoo nekk ci gornomaŋu ekool bi ?
2. Persidaŋu gornomaŋu ekool bi nu mu tudd ?
3. Lu gornomaŋ ekool bi di def su amee elew yuy ñaxtu ?
4. Lu ngeen xalaat ci xew-xew bi gornomaŋu ekool bi def ?

Maalaw gisul raay bi



Siga ak xaritam Fara wàcc nañu ekool.

Ñu ngi werante ci yoon wi.

Siga ne ko : « Maalaw gisul raay bi,
Lat Joor dem na nii. »

Fara ne Maalaw : « Céy Maalaw, lawbe yaa
ngi nii. »

Siga ne ko Maalaw mooy Fas wi bañ sa
bañukaay ba.

Fara tontu ko : « Maalaw mooy njiitu
lawbe yi. »

Siga ne : « Nanu dem seeti sama maam,
mu àtte nu.

Maam Faatu moo ma nettali woon cosaanu
Maalaw. »

Ba nu eggee, nuyu waa kër gi, jubal néegu
Maam Faatu.

Fëgg nanu bunt bi, Maam Faatu ne :
« Kooku ? »

Siga tontu ko, ñu dugg ci néeg bi, mu dalal
leen.



Siga wonale ko ak xaritam, wax ko lu waral
nu seetsi ko.

Maam Faatu may leen ndox ci ndaawam,
ñu naan.

Mu ne leen : « Xale bu bëggee xam,
dafa war a yaru.

Bu ko defee, jege mag dina ko yomb.

Na fekk mag xam, laabir, ubbeeku.

Yeen ay sunu ndono,
dunu leen bañal dara. »

Maam Faatu ne leen : « Yeen ñaar, am
ngeen dëgg. »

Sama sët bi, li mu la wax, maa ko ko nettali.

Turu Maalaw, lawbe lañu koy wax.

Loolu la woykat yi jël def taas, di ci fecc.

Lawbe, askan wu am jom la,
wu nangu liggeey la.

Mën nañu yatt, defar gënn ak kuur.



Noonu Fara muuñ, ne ko : « Lu ma la waxoon ? »

Siga ne ko : « Bul gaawtu yëkkati loxo mel ne ku gañe. »

Mu ne ko : « Teeyal, amaguloo ndam de. Sama maam jeexalagul waxtaan, day door de.

Boo dégloo, dinga dégg. »

Maam Faatu ree ba kekku ne : « Sama sët
yee baax waay !

Seen xaritoo neex na ma lool, àdduna nii la.

Dëkk di xuloo ak a téesante, jaru ko.

Demlante, waxante dëgg, jar na ko.

Bu leen kenn féewale, nekk leen benn. »



Mu ne leen : « Ku nekk ci yéen dégg na
turu Lat Joor.

Démb, moo nekkoon buur ca Kajoor.

Bañ ku noot askanam a ko taxoon a jóg.

Looloo ko boole ak tubaab yi, xam ne raay
bi yoonu nooteel la.

Soo nangoo, ñu takk la buum
di la diri fu nekk.

Moom sa bopp moo nekkoon bàkkam ».

Maam ne leen : « Sunu warugar mooy ñu fàttali leen démb.


Xew-xewi démb bare nañu,
li nu ci denc, yaa na.

Bu nu ci seppée,
génne ci Lat joor am na lu tax.

Siga ne : « Maam Lat Joor,
jàmbaar la woon de.

Aka am fit, aka am fulla ak fayda.

Ndax ku mel ne moom amati na ? »



Fara ne ko : « Waawaaw, man sama yaay
lingeer la !

Li ma bëgg a wax mooy jigeen ñépp ay
lingeer lañu.


Am nañu jom, ñoom dañuy liggeey.

Bu dul woon ñoom, kër yi màbb,
njaboot gi tas.

Xanaa déggoo ñu naan, waaw-kumba.

Mooy sunu taas. »

Maam ne leen : « Waaw-kumba,
sama sèt yi !
Lat joor, fas yu bare la daan war.
Am na fas wu ñu naan Liccín-céeli.
Am na weneen wu nu naan Suusalub kaani.
Woowe na fasam Néeg bu ràpp.
Tudde na fas Peccum xal, Néew-we ak
Nelawi buur.



Fas wi ñu gën a xam mooy Maalaw.
Lat Joor dafa doon bañ ne raay
du fi am mukk.
Fasam Maalaw itam lànk,
ne du gis mukk raay bi.
Fas woowu jar na xamle,
woyam dootul fey mukk.
Wax leen ci kaw, Maalaw gisul raay bi. »

Noonu, Siga ak Fara tàmbalee woy.
Ñu ngi naan : « Maalaw gisul raay bi.
Maalaw bañ na raay bi.
Maalaw jéppi na raay bi.
Maalaw sib na raay bi. »



Maam ne : « Bu doon nit ma ne aka am
ngor ak kóllare.

Sama sèt yi, nanu toppatoo mala yi.

Bés bu jot, seen jëf yéem nu.

Li ngay toppatoo, danga ko war a xam.

Nangeen gëstu ba xam njabootu fas ak
xeeti fas. »


Siga ne ko : « Maam, lan ngay woowe njabootam ? »

Maam Faatu ne : « Nan la fas wu góor tudd ? »

Mu ne leen : « Fas lañu koy wax ».

Mu laajaat leen : « Fas wu jigeen, nan lañu koy woowe ? »

Ñu jëkkante waxandoo, ne : « Wajan la tudd. »



Siga ne, maam : « Dégg naa ne mol mooy doomu fas. »

Maam ne ko : « Wax nga dëgg, noonu la. Ma dolli leen ci yuuxu mala ; bukki, picc ak ginaar dañuy sab.

Xar ak béy dañuy meem, nag dafay nàññi. Gaynde dafay ɲar.

Gëleem dafay bëmm, mbaam di ŋaax,
fas di ɲexal.

Maam neeti : « Boo leen bëggee taxawal
fas, ne leen ko kor.

Su boobaa, dina ñëw taxaw.

Xaj nee na nangu na ku ko woowe kuri.

Xar ne ku ma ne bar, ma jegesi.

Kukur, kukur, lañuy woowe ginaar. »



Siga ne : « Maam, dégg naa, boo nee ali, fas daw. »

Maam Faatu ne : « Tee ngaa dàq ginaar walla xar. »

Fara ne Siga : « Nanu wax ali ginaar, ali xar. »

Maam Faatu ne : « Déet, dangeen naan kes ginaar, arya xar. »

Noonu muus romb, Fara ne ko sib mu daw.

Maam Faatu ne leen : « Ci melo lañuy

wutale fas tur. »


Jàkkeer mooy fas wu xonq.

Fas wu jë bi weex lañu tudde ngélemu.

Mbéy mooy fas wu am tipp-tipp yu weex,
su juddoo.

Xaccub kaña ak xaccub seleen mooy fas wu
am melo dóomu taal.

Fasu naaru góor moom dereetam a ko jox
dooleem.



Siga ne : « Ndekete maam loolu yépp xam
nga ko ci fas ? »

Tey li nu ci jàng bind na téere.

Dinanu ko jottali ba mu law fépp.

Man bëgg naa am fas tudde ko Maalaw.

Bés bu jot, ma war ko di doxantu
ci mbedd mi.

Siga ak xaritam Fara bég nañu lool ci waxtaan wi.

« Maalaw gisul raay bi » yëngal na seen siddit.

Xam nañu ne moom sa bopp, xam sa bopp a ko jiitu.

Su dul loolu, ngelaw lu la romb këf la.

Jàmbaar yàgg naa bañ nooteel.

Ku bëgg misaal xoolal ci Lat Joor ak Maalaw.

Laaj yi :

1. Wan fas moo gën a siiw ci fas yi Lat Joor doon war ?
2. Nan la doomu fas tudd ?
3. Ndax mag ñépp a xam cosaanu démb ni Maam Faatu ?
4. Lan ngeen xalaat ci fas wu mel ne Maalaw ?

Waxtaan ci Mbegaan Nduur



Ndeela jóge na ekool, waaxu jubal ci néegu Maam Ndumbe.

Yaay ji ne ko : « Lu xew tey ba nuyuwoo kenn.

Nuyul sa nijaay Lang, leegi la agsi, dëkk ba la jóge. »

Ndeela ne ko « Nijaay xàmmeewuma la woon. »

Nijaay ne ko : « Waa kër Niis ñu ngi lay laaj rekk.

Namm nañu la lool rawatina sa xarit Biige. »

Ndeela ne ko : « Ana sama Maam Ngóor ? »

Yaay ji ne : « Xanaa rombulo ko ca toolu m̀ango ya ca xur wa.

Foofu la x́ey dem, xam naa leegi mu dellusi.

Naaj wi t̀ang na lool. »

Nijaay ji ne : « T̀angoor woowu mooy ñoral m̀ango yi. »

Yaay ji ne c̀ammiñam Lang na dugg ci néeg bi noppalu bu baax.



Maam Ndumbee ngi daagu ndànk téye mbuusu màngoom.


Noonu Ndeela dogaale ko, laxasu ko.

Mu ne ko : « Indi ma yenu mbuus mi, maam. »

Maam ji ne : « Bu ko def na woon de, tànn yu mag yi. »

Ndeela dugg na ci néegam génne pilyaanam tegal ko mu toog.

Nu indil Maam Ndumbe ndox mu naan.
Maam ji ne Ndeela :
« Kaay toog nii ci sama wet.
Wax ma tey loo jàng ekool. »
Sunu muse moo nu laaj nu taataan xibaar
ci cosaanu dëkk bi.
Gëstu yooyu nu def danuy yokkal poñ ku
nekk ci nun.



Maam ji bég lool ne ko : « Toogal bu baax.
Du fii ci Saalum ngay laaj cosaanam.
Seen muse def na lu rafet.
Boo ñëwee ci dëkk, war nga xam
cosaanam.
Loolu dina tax nga mën a jëflante ak ñoom.

Laaj nga ki nga war a laaj.
Lu bare ñu ngi koy wax ci xew-xewu démb
fekk ne amul.
Ki nu koy laaj xamu ci dara.
Bëgg lu neex nit ki, moo ko tax a nettali
lu amul.
Xaalis bi nu koy jox, jaral na ko soppi
li xewoon.



Yenn saa yi ay etijaŋ dinañu
fi ñëw di laajte.


Dañuy yàkkamti, duñu nangoo dëkk ak nun
ba nu miin leen.

Xam-xam kenn du ko joxe noonu.

Lu bare ci li nuy bind demewul noonu.

Noonu lanuy réerale ñu bare ci cosaanu
réew mi.

Ana man ana yaw, nga ñëw taxawuma,
ma nettali la lépp !
Loolu amul fenn, xel xalaatu ko.
Ki bëgg xam, du doxale noonu mukk.
Day ñëw bokk, di lekk li nuy lekk.
Di fanaan fi nuy fanaan.
di duggalante ak nit ñi,
bu xew amee mu dem.



Fii nu nekk ci Saalum, amoon na buur
bu siiw.

Mbegaan Nduur la tuddoon, moo nekkoon
buur bi jëkk a falu ci Saalum.

Moom rekk a nekkoon buuru Siin, buuru
Saalum, teeñ ci Bawol.

Jamono jooju, Gàmbi ci waawam la doon
doxe.

Duggoon na Kajoor, sos fa dëkk bu ñu naan
Ngaay Mexe.

Li ma lay nettali yàgg na lool !

Nguuram neexoon na lool ci ñi mu jiite woon.
Amoon na fit, amoon na xam-xam, amoon
na gis-gis.

Ku mënnoon a taxawu soxla askanam la
woon.

Moo tax nu wegoon ko lool.

Ba leegi, ñu ngi koy woy, di ko fàttaliku.



Indi na fa naatànge ak jàmm ju sax.
Lu mu am, du ci jiital boppam.
Moo jàllale dex gi, jële ko Sàngomaar,
yóbbu ko Kawoon.
Looloo tax seereer si naan « o Maad
refkatee Mbegaan . »

Mooy tekki : « Masunoo am buur bu baaxe
ni Mbegaan. »

Ba Buur Siin Jée Sanu Fay gaañoo, nguur
ga yëngu woon na.

Amul woon doom ju tollu ci atu jël ndono li.
Noonu la Mbegaan téyee nguur ga di
xaarandi.

Waagaan Suun Ngom Fay màgg,
war a falu.

Mbegaan mi téye woon nguur gi, delloo ko
ko ci jàmm.

Noonu la Mbegaan defoon, daldi dese nekk
rekk buuru Saalum.



Ngor googu mu wone ndax amati na ?
Doylu googu ndax gisati nanu ko ?
Ak ni nguur neexe, rawatina jamono jooju !
Lu ni mel, bu nu ko feeñalul tooñ.
Looloo nu war, fàttali la woon ak ña woon
démb.

Sët bi laaj ko, ne maam : « Fan la turu Saalum jóge ? »

Am na ñu ne turu sëriñ la bu ko ñaanal ba mu jël nguur gi.

Am ñeneen ñu ne turu xaritam la woon, dafa bañoon nit ñi fàtte ko.

Loolu cosaan la, yàgg na am.

Am na ñuy tudde seen dëkk garab walla mala.



Ndeela ne Maam Ndumbe :
« Luy cosaanu Kawoon ? »
Maam ji ne ko mēnuñoo wax taarixu
Senegaal démb te boolewunu ci Kawoon.
Dëkk bi jege na Kawlax,
masul nangu nooteel.
Buur ya fa jaar yépp bàyyi nañu fa
woy yu dul fey.
Ba leegi, Kawoon dafa ñoy ci cosaanam.
Looloo tax, muy amal at mu nekk
gàmmu foofu.

Maam ja ne ko : « Maamaat yi nettali nañu lu indi turu Kawoon.


Ab Pël bu am xam-xam , tuddoon Illo Ka, moo seetlu genn garab gu yéeme.

Guddi la doon feeñ waaye balaa fajar di jot, mu ne mes.

Noonu, Illo Ka dem xibaar ko Buur Saalum.

Ci noonu la jàppe garab gi ak i pexeem.

Mu ne : « Ka nu seeti woon a ngii, nu gàttal wax ja, ne Kawoon. »



Ndeela ne : « Maam, laaj yi des nañu de,
bul dem. »

Maam ja ne ko : « Tee noo bàyyi ba
beneen ? »

Ndeela ne ko : « Des na benn rekk maam.

Xanaa di nga wax tuuti ci Guy Njulli ?

Dégg naa ne garab gu yéemee fa nekk.

Foofu la buur yi doon yéeg di wone ne war
nañu falu. »

Maam ji ne ko : « Ak loo ci mën a dégg,
waru noo fàtte.

Fàtte dafa fi xajul, xanaa dégg ngeen guy
gu réy ga daan teeru njulli yi.

Foofu tamit la buur ya daan waate, wone
seen bopp.

Ca béreb booba, la xeex bu siiw ba amoon.
Toog ci nguur, moo jotale woon baay
ak doom.

Mu nekkoon diggante Makoddu ak doom ja
Sàmba Lawbe Faal.



Ndeela ne : « Lu waral ñu nuy nëbb sunu
cosaanu dëkk ?

Walla nuy wax xeex yi ci diggante buur yi rekk.

Mu mel ne jàmm masul a am démb.

Xanaa suuf si dafa gentoon, ba dunu wax
mukk mbey ak càmm ?

Xanaa nit ñi daawuñu lekk lekk gu baax ?

Xanaa paj amul woon, ku feebar rekk faatu ? »

Maam ja ne ko : « Li nga def bu ko ñépp
defoon cosaan du réer.

Boo xamee sa démb, dinga xam nooy
doxale sa àdduna.

Dinga gëm sa bopp, fonk sa moomeel.

Ngelaw lu romb du la këf, ndax fi nga dëgg
dina dëgër.

Roy dàq dina fi jóge ba fàww.

Lii ma la wax mooy waxi mag, du fanaan àll
mukk. »

Laaj yi :

1. Kan moo jëkk a nekk buur ci Saalum ?
2. Lan moo indi turu Kawoon ?
3. Lu waral muse di laaj Ndeela mu
wuti xibaar ci cosaanu dëkk bi ?
4. Lan nga xalaat ci waxtaanu Maam
Ndumbe ?

Njëmbët Mbóoj



Njëmbët Mbóoj a doon buuru Waalo ;
jigeeen ju mën góor la woon, dafa juboon,
jàmbaare.

Ci lépp lañu ko nawoon, ci xam-xam, ci yiw,
ci mën boppam.

Amoon na ay lingeer yu ko daroon ak ay
bëkk-néeg.

Seen col genn la woon, yére yu jot lañu
daan sol, tegle ay sër yu sutante.
Dañu daan jamu tuñ ak ciiñ.
Pimpi lañu daan jamoo.
Ay létti nguuka lañu daan def, wékk ci
karaañe wurus yu bare ak i libidoor.
Dañu daan musooroo musóor yu gàtt,
ëmb bopp bi, bàyyi libidoor yi di feeñ.
Jaaro yu rëy lañu daan takk.
Dañu daan tegle kamisol ak mbubbu mu
yem, teg sàmbasembe.
Dañu daan takk caqi wurus ak peme.



Su ñu noppee, daldi sex naanu ci seen
gémminñ, mu nurook seen njamu-tuñ.
Ñaari dag a daan upp buur Njëmbët Mbóoj.
Dafa daan takk ay lam yu rëy ci loxoom yi
ak tànkam yi.
Dañu koy fuddanal ay loxoom ak ay tànkam
ba mu ñuul kukk.
Dafa daan def musoor gu gudd,
mel ni gu siñaara.

Yenn saa yi, su soloo ba noppi,
tegoo sër bu rëy te rafet.
Dàlli maraakiis yuy mellax la daan sol.
Buur Njëmbët Mbóoj daan na tëye
bant bu taaru.
Ku am kàddu la woon te xarañ lool
ci jëflante ak nit ñi.



Mbaax la daan jiital,
ci lépp lu mu daan sumb.
Buur bu tabe la woon.
Daan na yónne saa su ne ay dërëm yu
takku ci ay kureel.
Lu mat juroomi téemeeri jigeen dañu daan
toog di ko sargal, muy dogal.

Kilifa gu mag la woon.

Moo daan doxal réewam ni peresidan, di toppatoo suñu réew mii di Senegaal.

Daan na tànn ay góor, joxleen ay ndombo tànkì baraagu Waalo.

Jàmbaar la woon ndax moom moo daan tabb góor ñi, di leen sant ay liggeey.

Moo leen daan folli tamit, bu liggeey bi desee baax.

Moom rekk moo amoon sañ-sañu fal ak folli ay kilifa.



Waa réewam, ci ay xéwal lañu daan dund.
Mbey mi dafa daan naat bu baax, dëkk bi
yépp suqaliku.
Jaaykatu mala bu jóge beneen réew, jaar ci
réewam, fey ko xaaalis bu bare.
Ñépp ko nawoon, muy góor, di jigeen, di
mag, di ndaw.
Kenn yabu ko ci dara.

Soxna su xam nit la woon te doon ku am
maslaa ak dëkkandoo buuram yi.
Buuru Gànnar bi, Emiir Muhammet El
Habiib, jëloon na ko soxna.
Ci sëy boobu, am na ci ay doom.
Buur Njëmbët Mbóoj dafa yaroon ay
doomam ci njàmbaar ak mbaax.
Dafa daan sol ay yére yu rafet, di solal
njabootam col gu yiw.



Laskoloñ ju neex la daan sotteekoo.

Jigeen ju taaru la woon ba tubaab yi di ko nataal.

Buur Njëmbët Mbóoj ay doomam yépp ñoo ko bëggoon.

Ci ay lal yu rafet la daan toog, ñaari dag di ko upp ak uppukaay.

Uppukaay yi dañu rëy te yaa, am benn bant bu gudd buy laal suuf.

Ay lamu wurus ak peme la daan takk, boole
ko ak caq yu rafet.

Ay dàll yu ñu ñaw ak wëñi wurus la daan sol.

Biir néegam, ay waxande yu
rafet lañu fa tegle.

Ay darab yu rafet ak ay lal yu neex a tëdd
la amoon.

Soo duggee ca këram, nga gis fa ay mbaar
yu yéeme.

Am na itam ay basani per yu jéggi dayo.



Dañuy bale suuf si ci kër Buur, lay ko ba mu nooy.

Kër Buur Njëmbët Mbóoj, ay bagaas yu rafet yoo dul gis fenn ñoo fa amoon.

Kër gi dafa rëy, am na ëtt yu yaatu te bari ay garab.

Dinga fa gis ay fas yu rëy, bari te rafet ak fas yu ñu solal ay yérey fas.

Soo yéegée ci kow fas wi,
dangay nonḡ-nonḡi.
Kër Buur am na ay gétti nag, ay gétti xar,
ay ginaar ak béy yu sakkan.
Soo duggee ci toolu Buur, dafay naat,
muy dugub, di gerte, di ñebbe di xaal
walla mboq.
Dinga fa gis ay garabi m̀ango, guyaab,
soraas, siddeem.
Soo béggee lekk, ci ay bool yu mag
lañuy lekke.
Kër Buur Njëmbët Mbóoj dafa mel ne
àjjana ju ndaw.



Lu rafet rekk ngay gis, lu neex rekk ngay lekk.
Buur Njëmbët Mbóoj am na ay xalamkat yu
koy yendoo ak fanaane tagg, di xalam.
Ay njari soow yu am suukër ngay naan ba
sa biir fees.
Soo demee ci waañi Buur, ay ndab yu bare
nga fay fekk.

Mbooloo mi dinañu lekk ba regg,
naan ba màndi.

Kër Buur kenn xalaatu fa xuloo, kenn
xalaatu fa xeex, wax ju neex ngay dégg.
Yar ak terànga ngay gis, ci waxin,
doxin ak toogaay.

Wax ndànk, dox ndànk, ci lu mu mën a doon.
Buur Njëmbët Mbóoj amoon na sañ-sañu
maye jigeen mu sëyi, def na ko ay yoon.



Buur Njëmbët Mbóoj dafa amoon ay jikko
yu rafet.

Looloo tax, ba leegi ñu ngi koy fàttaliku.

Wone na ne lu góor def ci njàmbaar, jigeen
mën na ko.

Tëye bu rafet la tëyee woon Waalo, ba ku
ko dégg, naw ko.

Boole na taar ak jom, yaru ak yaatu.
Njëmbët Mbóoj yar na xaley Waalo.
Dafa leen jàngal yar ak teggin, sutura ak
màndu.

Xam na ne fu ñu jóge ci mbaax la, ci mbaax
lañuy jeexale tamit.

Xaley Waalo am nañu xàmme ak ràññe.
Boole na ci pasteef ak taalibe.



Sëyu Buur Njëmbët ak Buur Muhammet
Habiib sëy bu rëy la woon.
Buur bi mayoon na ko téemeeri jaam,
yokk na ci téemeeri nag.
Mayoon na ko téemeeri géleem.
Mu dolli ci téemeeri fas.
Tegoon na ci itam téemeeri xar.

Digganteem ak tubaab yi dafa tegu woon ci
ay anam yu leer.

Dafa daan bind lempo tubaab bi ci mbirum
njaay ak njënd.

Buur Njëmbët Mbóoj buur bu jub la woon.

Lu lëndëm dafa daan laaj ñu leeral ko.

Ku deful li war, dafa la daan teg ci yoon.



Mbooloo mi mu doon toppatoo, dafa ko
doon def ak yërmande.
Ku nekk a xamoon sa yelleef ak sa wareef
te di ko sàmm.
Teey ak dal ñooy jikkoy buur Njëmbët Mbóoj.
Taaram daan na yëngal ñépp.

Buur Njëmbët Mbóoj, ku bëgg boppam la woon.

Senegaal dootu ko fàtte ba fàww.

Ay jëfam dootul fay mukk.

Askan wi ci moom lañuy roy.

Moom mooy teen bu dul dëy mukk.

Mbaax, yiw ak tabe ñooy ay dàkkentalam.

Laaj yi :

1. Kan mooy Njëmbët Mbóoj ?
2. Lan la Njëmbët Mbóoj tegoon tubaab bi ?
3. Loo xalaat ci Njëmbat Mbóoj ?
4. Soo doon Buuru Waalo, kon looy def ?

Karolin Fay




Senegaal, sunu réew, dafa yàgg am ay
jàmbaar, yu góor ak yu jigeen.
Jàmbaar yooyu dañu ràññee ku ci liggeey,
ndax bëgg seen réew.
Ñu yàgg it di bañ ku leen noot, ngir dëgëral
sunu aada ak sunu cosaan.
Ci jàmbaar yooyu tey dañu ci tànn jenn jigeen.
Jigeen jooju dafa fésaloon boppam
ci njàng.
Mu ràññee ku woon itam ci jaar-jaaram,
ci biir réew mi ak ci bitim réew.
Kooku mooy Karolin Fay.

Karolin, Siin la juddoo, ci dëkk bu ñuy wax
Funjuñ, ci atum 1923.

Muy doomu Luwi Jéen Fay ak waalo-waalo
bu ñuy wax Faatim Jóob.

Bokk ci askanu Maañ Jóob Mbaaco.

Pàppaam nekkoon di liggeey ci wàllu xalis.



Mu bokkoon itam ci ñi taxawal pàrti politig
bu ñu doon wax esefiyoo (SFIO).

Mu àndoon ak ñoom Senoor ak Mamadu Ja.
Pàrti « SFIO » boobu moo màgg ba jur tey
pàrti sosiyaalist.

Kon Karolin dafa gimmi ci politig ak ci
njàng ci biir këram.

Mu nekkoon xale bu teel a gëm boppam.

Mu xamoon bu baax lu mu bëgg ak lu mu
bëggal askanam.

Rawatina jigeeni goxam ñi nga xam ne
coono yu metti lañu daan dund.

Muy ay coono ci seen wàllu séy,
walla coono ndax ñàkk.

Dañu sonnoon itam ci seen liggeeyu kër yu
metti, ak yeneen ak yeneen.

Loolu la Karolin gisoon, moo tax mu
yërëmoon lool askanam.

Mu xam ne kon dafa war a jàng ngir
jàppale leen.



Bi mu amee juroom-ñaari at la ko pàppaam
dugal ekool.

Muy jàng bu baax, di raw ay moroomam yu
góor ak yu jigeen.


Museem bëggoon ko lool ndax jom ak
pas-pas bi muy def ci liggeeyam.

Muse bi xam ne xale bu jigeen booba,
dina tekkiji ëllëg.

Mu daan soññ yeneen eleew yi ngir ñu def
ni moom.

Karolin nekk xaat, ci atam,
royukaay ci ekool bi.

Njàngam moomu, yàqalu ko dara ci
liggeeyu jigeenam.
Su wàccee, dafay jàppale yaayam ci
liggeeyu biir kër gi.
Bu yaayam boyalee, mooy upp taal bi.
Mooy raxas yenn ndab yu sew yi, bale ëtt
bi, ci kàttanam.
Yaayam di ko jàngal ni ñuy togge ak ni ñuy
tëyee kër ba mu set.
Dafay sàmmi it jur gi ni ko ay moroomam
yépp doon defe.



Bi mu jeexalee daara yu ndaw yi, la dem Dakaar.

Muy jàng ci ekool bu ñu duppe leegi Bert Móbeer, nekk ci dggu Dakaar.

Karolin jàng fa ñeent ba juroomi at.

Bi mu noppee, mu dem jonanteji ci ni ñuy tàggate jàngalekat yi.

Foofu itam mu wone fa njàmbaar lool.

Mu jiitu, raw ay moroomam yépp.

Ñu daldi koy jox raaya jàngalekat,
yóbbu ko Luga.

Mu def fa diir, ñu yóbbu ko Fuuta,
daldi koy indi Kees nag.

Ñu jëlewaat ko Kees, yóbbu ko Mbuur.

Foofu, ñu def ko fa kilifa, ci benn ekool
ndax xereñam.

Mu nekk jigeen ji jëkk a nekk kilifa ekool ci
Senegaal.



Foofu nag la xamantee ak boroom këram
Demba Jóob, ci atum 1951.

Mu nekk jàngalekat ni moom.

Ñu ànd ñoom ñaar, bokk liggeey ak bokk
bëgg-bëgg bu jëm ci wàllu politig.

Seen njàmbaar ràññee ku lool ci nguur.

Ñuy fexe ba jox benn bu nekk gëddaam,
njàngale ma ak politig ba.

Mu metti lool ci Karolin, yore këram,
yore liggeeyam.
Mu boole ko ak pas-pasam.
Peresidan ñeewante ko lool, ci li mu boole.
Mu daldi koy génne ci daara yi.
Mu yóbbu ko muy liggeey ci dëkku kaw yi,
ngir gën a mën a jàppale jigeen ñi.
Loolu nag, moo tax mu mën a dugg bu baax
ci politig bi.



Mu daldi taxawal benn kureelu jigeen bu tudd «Mbooloo ngir jëm ci kanam (Iñoo Porogeresist bu Senegaal).

Mu nekk ci di liggeey, raññee ku ci lool ci liggeeyam.

Looloo tax, ñu fal ko depite ca péncum ndawi réew mi.

Karolin nekk jigeen ju jëkk a nekk depite fii ci Senegaal.

Ci atum 1964, mu bokk ci ñi ñu tànn, ngir ñu defar téere doxalinu njaboot.


Karolin am taxawaay bu ràññeku lool ci mbirum jigeen ñi.

Moo tax ñu boole ko ci mbotaayu jigeenu Afrig yépp.

Mu jóge ci depite, ñu def ko ministar.

Muy toppatoo wàllu jàppalante ak dimbalante ci réew mi.

Karolin liggeey fa liggeey yu am solo.



Senjoor yokkal ko dayo ak daraja, yóbbu ko
ci wetu ministar bi jiite gornoman bi.
Mu jëleeti ko foofu defati ko ministar biy
toppatoo wàllu jigeen ñi kese.
Lu tollu ci fukki at, soxnas Demba Jóob
soosu di def kemtalaay kàttanam.
Muy fexe lu ne, ngir génne jigeen ñi ci ñàkk
ak ci fitna.
Looloo tax tey jigeen ñi am jeego yu bare.

Karolin dafa teel a xam ni,
li góor mën, jigeen mën na ko.
Mu ne ñoo yem kepp ci wàllu njàng mi.
Mu teel a gis ñàkk a tolloo bi amoon
diggante góor ñi ak jigeeñ ni.
Mu gis itam mettital yi ak fitna yi nu leen
di teg.
Moo tax mu jóg di leen xeexal,
ngir soppi seen dundin.
Mu fexe ba jigeen ñi di mën a jonante ak
góor ñi ci daara yépp.



Mu defar ay daara tuut-tànk, di fa
dénkaane xale yi matagul dugg ekool.
Doon na jàppale waajur yu jigeen yu xale
yooyu ngir ñu dem liggeeyi.
Daara yooyu mu ngi ko tabaxoon ca
Garaa-Dakaar ak ca Kees.
Amoon na itam Kànjem, ca Kasamaas ak
Ayere Laawo ca Fuuta.
Karolin moo soppi itam bés bi ñu jagleel
jigeenu àdduna bi yépp.
Mu def ko ñaari ayu-bés yu ñu jagleel
jigeeni Senegaal.

Coppite googu mu ngi ko def ci atu 1972.
Mu jàppale jigeen ñi nekk ci dëkk yi ci kow
gi ñu am ay foraas.
Booba, jigeen ñi dañu daan dox ay
kilomeetar di wuti ndox.
Ñooy soq, di mooñ, di togg, lépp ci benn
bés ; di ko def bás bu nekk.
Mu wutal leen ay masinu wol, woyofal bu
baax seen liggeeyu kër.



Jàppale na jigeen ñi tamit ci bi ñuy defar
téere « kot da laa fami »

Ci seen wàllu séy ak ci seen wàllu « nekk
ci dundin wi » la leen dimbalee.

Karolin taxaw jàppale leen ñuy def ay
kureel.

Ñuy liggeey, bànk yi di leen lebal ak di leen
dencal seen i xalis.

Ñii di liggeey ci njënd mi ak njaay mi, ñenn
ñi nekk ci ñaw bi.

Ñeneen ñi nekk ci cuub gi ak yeneen ak
yeneen.

Ci seen wér-gu-yaram, mu fexe ba ñuy dem
ci kër doktoor yi.

Ñuy nemmeeku seen yaram, rawatina, bi
ñu weesoo jur.

Mu taxawal ay bérebi jëndukaayu garab ci
dëkk-dëkkaan yu ndaw yu bare.

Jàppale na leen itam ba ñu mën a am
alokasiyon familyaal.

Mu dugal leen ñuy jàng seen i làkki réew,
di ci bind seen i soxla.

Mu yee leen ci njariñu jëmbat garab.



Ci tēnk daal, depite Karolin def na li mu
mēn ngir soppi nekkinu jigeen ñi.
Waaye naam liggeey na lii yépp,
teewul ba tey jafe-jafe yaa ngi fi.
Yenn saa yi, ñu leen di mettital
ci seen biir kër.
Am na it ñu ñuy bàyyiloo seen jàng ba tey.
Dañu leen di may boroom kër
ci li dul seen coobare.
Jotaguñu itam ba tey ci seen ay suuf,
ak yeneen ak yeneen.

Karolin a ngi génn àdduna bésu 29 Sulet 1992 ci Dakaar.

Am na nag jaar-jaar yu am solo ci réew mi, rawatina ci mbiri jigeen ñi.

Jaar-jaaru Karolin daal dafa mel na taq-taqu dëwlin ci këyit.

Ba leegi dañu koy tudd.

Kureel gu ñëw rekk mën nga ci jàng.

Laaj yi :

1. Ñaata at la Karolin amoon bi muy dugg ekool ?
2. Moom lu mu doon liggeey ?
3. Karolin amoon na njaboot ?
4. Loo xalaat ci Karolin Fay ?

Ce livret décodable gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).



USAID
DU PEUPLE AMERICAIN